Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. «Урысей зэкъуэтым» и Совет Нэхъыщхьэм хагъэхьэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм щыхэщ Москва щекІуэкІа XVI съездым Ди республикэм щыщу абы щыІащ властым и гъэзэщІакІуэ, законхэр къыдэзыгъэкІ органхэм, «Урысей зэкъуэт» партым и щыналъэ къудамэм я унафэщІхэр, делегату хахахэр.

ПЛЕНАР зэІущІэм доклад щищІащ партым и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм и Премьер-министр Медведев Д. А.

Парт съездыр зэрекІуэкІам щытепсэлъыхьым КІуэкІуэ Юрий къигъэлъэгъуащ абы жылагъуэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху нэхъыщхьэхэр - узыншагъэр хъумэнымкІэ ІэнатІэм, социальнэ ІэнатІэм, егъэджэныгъэм, спортым, щэнхабзэм зегъэужьыным, жылагъуэхэр зэІуэпэщ щІыным - гулъытэ хэха зэрыщыхуащІар. Правительствэм унафэ зыбжанэ къщІащ щыналъэхэм я бюджетхэр тэмэму зэтеухуэным, бюджет щІыхуэхэр тыным хуэгъэзауэ. Апхуэдэу зыщагъэгъупщакъым хьэрчэт ІэнатІэм зыщІэгъэкъуэн зэрыхуейри. Абы хуэунэтІащ административнэ лъэпощхьэпохэр гъэмэщІэным, продукцэр нэхъ тыншу пхыгъэкІым теухуа унафэхэр. «Мэкъумэшыщ1хэм я Іуэхур дэгъэкІыным зэи хуэмыдэжу къаруушхуэ ирахьэлэнущ. Ар сэбэп хъунущ ди республикэм хуэдэу зи экономикэм мэкъумэш ІэнатІэм увыпІэшхуэ щиІыгъ щІыналъэхэм я дежкІэ. Партым и Іэтащхьэм къигъэлъэгъуащ «Урысей зэкъуэтым» цІыху мелуани 2-м щигъу зэрыхэтыр, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и екъулІэныгъэр Урысей псом и дежкІи екъулІэныгъэу зэрыщытыр», - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

«Урысей зэкъуэт» партым и XVI съездыр иухащ

2017 гъэм щІышылэм и 21-22-хэм Москва щызэхэтащ «Урысей зэкъуэт» партым и XVI съездыр. Ар иригъэкІуэкІащ партым и тхьэмадэ, УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий. ЗэІущІэшхуэм делегат 728-рэ хэтащ, УФ-м и Правительствэм, эксперт зэгухьэныгъэхэм, хьыбарегъащІэ Іуэхущ1анІэхэм я лІыкІуэу хьэщІэ минитІым щІигъу кърихьэлІащ.

«УРЫСЕЙ зэкъуэтым» и тхьэмадэм съездым щищІа докладым партым иужьрей илъэситхум иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм кърикІуэхэр къыщипщытэжащ, 2016 гъэм хэхыныгъэхэр зэрекІуэкІам щыхэплъэжащ. Апхуэдэу докладым хэхауэ щызэпкърыхащ «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу Къэрал Думэм хэтым ялэ мазэхэм къриубыдэу и лэжьыгъэр зэрызэтриухуэр, хэхыныгъэм ирихьэлІэу партым зэхилъхьа программэр, УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэувахэр гъэзэщІэныкІэ хэкІыпІэхэр.

Партым и тхьэмадэм и докладымрэ гупиблу гуэшауэ съездым щрагъэкІуэкІа зэхьыхьэкэм делегатхэм щыжаІахэмрэ хэпльэкри, къызэхуэсахэм зэакъылэгъуу жаІащ «Урысей зэкъуэтым» хэхыныгъэм ирихьэлІэу игъэхъэзыра программэр, къэралым и Президентым и указхэр, абы Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзар зэман благъэм къриубыдэу къэралым зэрызиужьыну щыкІэм и лъабжьэу зэрыщытыр. Делегатхэм къыхагъэщхьэкІащ а документхэм ящкІ иткІэ къэув къаленхэмрэ партым и программэхэмрэ гъэзэщІэным щІыхубар нэхъ зыубгъуауэ къыхэщэн зэрыхуейр.

Съездым кьищта унафэхэм ящкІ иткІэ партым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къалэн щащІащ парт проект нэхъыщхьэхэр зэрагъэзащІэр кьищытэжыну, адэкІэ зэлэжьын хуей Іуэху нэхъыщхьэхэр иубыхуну.

Программэхэр гъэзэщІа зэрыхъур гъэ къэс кьэпщытэжыным, апхуэдэу, хуей хъумэ, а программэхэр гъэтэмэмыжыным теухуауэ Медведев Дмитрий къыхилъхьар делегатхэм даІыгъащ. Апхуэдэу партым и Іэтащхьэм и жэрдэмкІэ хэпльэри, унафэ ящІащ Уставым ипкъ иткІэ партым и пэщІэдзэ организацэхэм я лІыкІуэу Совет Нэхъыщхьэм хэтхэм я бжыгъэр процент 20-м щегъэжьауэ процент 30-м нагъэсыну.

Делегатхэм зэакъылэгъуу партым и тхьэмадэу Медведев Дмитрий, Совет Нэхъыщхьэм и унафэщІу Грызлов Борис, Генеральнэ советым и секретарь Неверов Сергей сымэ хахьжащ. Ауэ абы къыдэкІуэу Генеральнэ советым хэтхэм я зэхуэдитІыр зэрахъуэкІащ. «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм хагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. «Урысей зэкъуэт» партым и фракцэу Къэрал Думэм щыІэм и унафэщІым и ялэ къуэдзэ Щхьэгъуэ А. Л. партым и лэжьакІуэ орган нэхъыщхьэм - Генеральнэ советым и президиумым хагъахщ. Генеральнэ советым хагъэхьащ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и секретарь Афэщ1агъуэ М. Хь.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухьыр Балтикэм щынэхъыфІу къалъытэ

«Красная звезда» газетым зэритхамкІэ, 2016 гъэм Балтикэ флотым и кхъухь нэхъыфІу къалъытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухьыр.

«МЫ КХЪУХЬЫМ къулыкъу щызыщІэ щІалэ жанэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщІ икІи абыхэм я дежкІэ а кхъухьыр езыхэм я пльэхэм щыщ Іыхьэщ. Къэр-м и унафэщІэхэм кхъухьыр гъэзэуанэ кІыхьхэр зэпичын папщІэ зыхуеину псомкІи кхъызэрагъэпэщащ. Шэч хэмылъу, ар сэбэпышхуэ мэхъу щІалэхэм дзэ къулыкъур нэхъ тэмэму ирахьэкІын папщІэ», - жаІэ флотым и унафэщІхэм.

2015 гъэм накъыгъэм и 25-м Балтийск къалэм гуфІэгъуэ зэІущІэ щекІуэкІащ «227» кхъухьым «Къэбэрдей-Балъкъэр» цІэр зэрыфІащым теухауэ. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэр, Калининград областым и губернаторыр, Балтикэ флотым и унафэщІыр, флотым и базэм къулыкъу щызыщІэхэр, абыхэм я адэанэхэр.

Иджыпсту «Къэбэрдей-Балъкъэр» кхъухьыр сыт хуэдэ къалэнри гъэзэщІэным хуэхьэзырхэм ящыщщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Бахъсэн щІынатъэ

Мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху

Абы щыхьэт тохъуэ илъэс кІуам и закъуэ Бахъсэн районым и фермерхэм грант зэмылІэужьыгъуэу сом мелуан 60-м щІигъу зэрыхухахар. Грантхэр ящыщ мэкъумэшыщІэ-фермер хозяйствэхэм я лэжьакІуэу 8-м, фермер лэжьыгъэм пэрыувагъащІэу цІыху 31-м.

КЪАПЩТЭМЭ, Ислъэмей къуажэм щыщ хьэрычэтыщІэ Къэжэр Мухьэмэд былымитху фІэкІ имыІамэ, сом мелуаным щІигъу зэрыхухахам и фІыщІэкІэ Іэщ бжыгъэр 48-м нигъэсащ.

Бахъсэн районым и администрацэм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и управленэм и унафэщІ Къаскъул Хьэмидбий къызэрыджИамкІэ, районым и хозяйствэ псоми нэгъабэ Іэщу 38452-рэ щаІыгъащ. Мэкъумэшыщ1эхэм лыуэ тонн 14224-рэ, гъэшу тонн 77722-рэ, джэдыкІэу мелуан 36-м нэблагъэ къалэжьащ.

Псори зэхэту мэкъумэшхэкІыу сом меларди 9,5-рэ, абы щыщу Іэщхэкі продукцэу сом меларди 4,2-рэ къалэжьащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ лыуэ езыхэм яхурикъун къэзылэжьыр щІыналъэхэм

«Нэгъуэщ1 къэралхэм къыщащэхуэхэм ялэхъун продукцэ Урысейм зэрыщащІыр» сайтым зэрыратхамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ езыхэм яхурикъуным хуэдиз лы къэзылэжьу Урысейм щыІэ щІыналъэ зыбжанэм. 2016 гъэм кърикІуэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лыуэ тонн мини 105-м щІигъу къыщалэжьащ.

АБы папщІэ республикэм и Іэщыхьэхэм гулъытэшхуэ хуащІ Іэщ лъэпкъыфІхэр гъэхъуным. Дызэрыт илъэсым и пэщІэдзэм КЪР-м и мэкъумэшыщІэхэм псори зэхэту былым мин 264-рэ яІэщ. Абыхэм ящыщу жэм лъэпкъыфІхэр мини 127-м щІегъу. Республикэм иджыпсту хъупІэу гектар мин 300 хуэдиз щыІэщи, абыхэм ящыщу гектар мини 140-м щІигъур КъущхьэхъУм хеубыдэ. ІэщІагъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, ар сэбэпышхуэ мэхъу мы Іэнатіэм и зэфІэкІыр къэІэтыныкІэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм инвестицэ политикэр пхыгъэкІынымрэ инновацэхэмкІэ и лІыкІуэ щхьэхуэм теухуа Хабзэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм инвестицэ политикэмрэ инновацэхэмкІэ и лІыкІуэ щхьэхуэм теухуа Хабзэу мыбы щІыгъур къэщтэн.

2. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм щІышылэм и 16-м
№1-РГ.

● Дыгъуасэ

Гъэсыныпхъэмкіэ ятелъ щІыхуэм теухуауэ

Гъэсныныпхъэ-энергетикэ Іэнатіэр зэрылажьэм пыщІа гугъуехьхэр зэфІэхыныжыкІэ ведомствэхэм зэдай гупым и зэІущІэ дыгъуасэ КЪР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ.

АБы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, абы и къуэдзэ **Бэлэтокъуэ Владимир**, КъБР-м и Іэтащхьэм и къэрал чэнджэщэгъу **Бозий Натбий** сымэ, нэгъуэщІхэри.

2016 гъэм ди республикэм гъэсныныпхъэу къигъэсэбэпамрэ абыкІэ къытехуа щІыхуэр зыхуэдизымрэ и гугъу ищІащ Бэлэтокъуэ Владимир, абы и псалъэмакъым къыпищащ Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Алэкъей Арсен**. ЩІыхуэ къатехуауэ илъэс бжыгъэ хъуауэ зымыпшынысжыфІ Іуэхущ1анІэхэм я унафэщІхэм жэуап зэрахьыжрэ тезыру тралъхьамрэ наІуэ къищІащ КъБР-м и прокурорым и яп къуэдзэ **Жекеев Алахберди**. Апхуэдэу къэпсэлъащ Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущ1анІэм и управленэу КЪР-м щыІэм и нэхъыщхьэ **Ефэнды Олег**.

Гулъытэ хэха хуащІащ "Газпром межрегионгаз Нальчик" ООО-м и унафэщІ нэхъыщхьэ Анастасов Владимир и къэпсэлъэныгъэм. КЪР-м гъэсныныпхъэмкІэ щІыхуэу телъымрэ а щІыхуэр зэрапшынысжыну щІыкІэхэмрэ Анастасовыр щытепсэлъыхьым, газым и фІагъымрэ абы хуагъэув уасэмкІэ мыарэзы щыІэу къыщІэкІащ. Абы къыхэкІэ, Газпромым къигъэлъагъуэ щІыхуэм и бжыгъэр нэхъ мащІэу щытын хуейщ.

Правительствэм и Унафэщ1ыр жаІахэм едэІуа нэужь, къалэн ящиІащ1ащ зэІущІэм къыщІэсэлъэ гукъеуэхэм иджыри зэ хэпльэжу, унафэм и проектым хэлъхьэжыпхъэ зэхъуэкІныгъэхэр зэрагъэзэхуэжу мыгувэу и пащхьэ иралъхьэн хуейуэ.

ЗэІущІэм теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым тетынущ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Щіыуэпс

Тамбукъан гуэлыр къызэрагъэсэбэпынур

ЩІыуэпс мыхьэнэ ин зиІэ Тамбукъан гуэлыр тэмэму цІыхум къыхуэгъэсэбэпыным теухауэ щІэныгъэлІхэм я Іуэху ельэкІыкІэхэр ягъэлъагъуэ.

«КАВКАЗ ИЩХЪЭРЭМ зэгъэужьыныкІэ корпораці» АО-м и унафэщІхэм я Советым зэІущІыІу зэрищІамкІэ, иужьрей илъэси 10-м гуэлым теухуауэ проект Іэджэ ягъэлъэгъуащ. Арщхьэкіэ дэтхэнэми мылькушхуэ текІуэдзнущ икІи абы Іуэхур кьелъахъэ.

Советым хэт Байсултанов Одес нэхъ екІурабгъу къыльыта Іуэху елпыкІэхэм ящыщ зыр тегъэщІащ Тамбукъаным хэлъадэ щІыщІагъ псыр (ар шыугъэкъым) насоскІэ къишыным. Ар псыр щызэпэубыда жылагъуэхэм зуугъу яхуэбгъупщ хъунущ. Гуэлым кьинэнур псы шыугъэрщ бальнеологие и лъэныкъуэкІэ санаторэхэм къыщагъэсэбэпыну.

Иджыпсту гуэлым и щытыкІэр къапщтэмэ, хущхьуэгъуэ зыхэлъ лъащІэр абы къыхэлъадэ псым къыщІилъэсыкІ зэпытщ. Апхуэдэу екІуэкІмэ, Тамбукъан адрейхэм ящыщ гуэл къызэрыгуэкІыу хъуныр Іуэхум хэлъщ. Псом ящхьэращІ, мы проектым ахъшэшхуэ текІуэдзэнукъым. ЩІэныгъэлІхэр Іуэхум хопльэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди къуэш республикэхэм

Псы хъумапІэм йолэжь

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Шапсыгъ псы-хъумапІэр щІэрыщІэу къызэгъэпэщащ-жыныр 2018 гъэм яухыну тращІыхь. Иужьк1э, абы зэкІэлъыкІуэу псы щызэхуахьэсынущ.***

- АР РЕСПУБЛИКЭМ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ и гидротехникэ объектхэм ящыщ зыщ. Аращи, абы хуэхаха мылъкур къызэрагъэсэбэпым, ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм и фІагъымрэ и чэзум яухынымрэ щІэгъэткІиящ дыкІэлъыплъынущ, - жиІащ Іуэхум щыгъуэзэ ящІа Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ къэлэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІ Кумпіыл Мурат.

Псы хъумапІэм лэжьэн щІидзэмэ, абы псыкІэ къызэригъэпэщынущ Тохъутэмыкуэй районым и прунж щІапІэ гектар мини 3, апхуэдэуи псыкъиу шынагъуэншагъэри иригъэфІакІуэнущ.

АБХАЗЫМ и мурадщ щІы, тенджызэ гъунапкъэхэр хабзэм темыту зэпызыупщІхэм ирагъэпшын къуэдым щІагъуну. Абы теухуа законопроектыр республикэм и Парламентым 2017 гъэм щІышылэм и 19-м къыщІащ.

Хабзэщ1эмкІэ, иджыри къэс том 600 хьууэ щыта къуэдыр том 4800 - 6000-м нэсу дэкІуеинущ, кулыкъущ1эхэм ятын хуей хъунущ том 6000 - 7200-м нэс. Къуэдыр уэим зыщІэхэм административнэ жэуап ирагъэхьыныщ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, визэнэщу зэкІэлъыкІуэну Абхъазым зэгурыІуэнигъэ ярищІыпІащ Урысейм, Никарагуам, Туваным, Приднестровскэ Молдавие республикэмрэ Осетие Ипщэмрэ. Апхуэдэу президентым и унафэ щхьэхуэмкІэ тхьэмахуитКІэ Абхъазым щыІэну хуитщ Къэзахьстанымрэ Беларусымрэ я туристхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къуэдым щІагъу

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№12 (23.420) ● 2017 гъэм щІышылэм (январым) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Агропромышленнэ колледжым щІэсхэр полицэм и лэжьакІуэхэм яІуощІэ

Урысей студентым и махуэм и пэ къихуэу Урысейм и МВД-м и «Ауран» къудамэм щрагъэблэгъащ Хьэмдзэхъу Башир и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр агропромышленнэ колледжым щІэсхэр.

СТУДЕНТХЭР щыгъуазэ ящІащ Аруан, Лэскэн районхэм къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ я органхэр зэрыщыізэтеувам, ахэр зэрыплъажьэм.

Къэпсэлъахэм щІалэгъуалэр жылагъуэ гъащІэм жыдэжру хэтыну, хабзэр хъумэным я къарур ирахьэлІэну къыхураджащ. Колледжыр къауха нэужь хабзэхъумэ органхэм щылэжьэн зи мурадхэм хуІуэтащ Урысейм и МВД-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм зэрыщІэтыісхьэ хъуну щІыкІэр.

Полицэм и Іуэхущ1апІэр къыщыізэкІуэхьым студентхэм ирагъэлъэгъуащ хабзэр хъумэным хузэнэтІауэ къагъэсэбэп техникэмрэ Іэщэмрэ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1анІэ.

ЦІыхухэм нэхъ къащтэм тращІыхьмэ

Иужьрей зэманым ди къэралым и щІыхуэм нэхъыбэрэ зи гугъу ящІхэм ящыщщ лэжьакІуэр пенсэ щыкІуэ ныбжьым теухуа псалъэмакъэхэр. Ар икІи гурыІуэгъуэщ: цІыхуэхэр хуейкъым и чэзум пенсэ хуамыгъэувыну.

ЗэрытщІэщи, иджыпсту цІыхубзыр илъэс 55-рэ, цІыхухъур илъэс 60 иригъуа нэужь ягъакІуэу аращ пенсэм. Ауэ а пІалъэхэр гъэІэпхъуэн хуейуэ къалъытэ къэрал къулыкъущІэ куэдым. Нэхъ хэкъуэзауэ абы тезыгъэнынхьыныр УФ-м Стратегие къэхутэныгъэхэмкІэ и центрым и унафэщІ Кудрин Александр. Абы и щхьэусыгъуэу къыщІэлъагъуэми лъабжьэ иІэ хуэдэщ: лэжьакІуэхэмрэ пенсионерхэмрэ я бжыгъэхэр зэрызэхущытырщ. «Лэжьакіуэхэр мащІэрэ пенсэ зэптын хуейхэр куэд хъумэ, къэрал «бохъшэр» нэщІ мэхъу», - жиІащ абы.

Кудриным къызэриІыхтэмкІэ, ди къэралым щІыхуэбзыр илъэс 63-рэ, цІыхухъур илъэс 65-рэ иригъуа нэужь пенсэ кІуэмэ нэхъ тэмэмщ ди экономикэм и дежкІэ. Ауэ бжыгъэхэр езым и еплъыкІэ къудейуэ зэрыщытри къыхигъэщащ абы иджыблагъэ икІи пенсэ щагъакІуэ ныбжьыр ягъэІэпэхъуэн-ямыгъэІэпэхъуэным и унафэр щащІкІэ Іуэхур зытращІыхьырщ цІыхухэм нэхъ яфІэтэмэмырщ.

Мелард 1,38-м нос

Дызэрыщыгъуазэщ, Китайр ящыщщ цІыху ныбжьыбэ дыдэ щыпсэу къэралхэм. 2016 гъэм къриубыдэу абы и цІыхухэм я бжыгъэр мелуанийкІэ нэхъыбэ хъущ икІи мелард 1,38-м нэсащ.

Дызэрыт илъэсми къэралым и цІыхухэм мелуани 7,3-рэ кьахэхъуэну къалъытэ экспертхэм. КъымыдэкІэ, Китайм щылэжьэну къакІуэхэр нэхъыбэ, къэралым икІхэр нэхъ мащІэ хъунущ. ІэнатІэ щхьэкІэ къахуэкІуэхэм я бжыгъэр цІыху мин 40 хъуну тращІыхь.



♦Эскимо морожнэ лІэужьыгъуэм и дунейпсо махуэщ. США-м щыщ Онавэ къалэм щыпсэу, тыкуэн цІыкІу зыгъэлажьэ Нельсон Христиан и ІэфІыкІэ лІэужьыгъуэр къызэрыгупсысам щыхьэт техуэу тхыльыр 1922 гъэм къратыжауэ щытащ.

♦**1606 гъэм** Испаниеи и къэралыгъуэ Вальядолид ирахри, Мадрид яхьауэ щытащ.

♦**1931 гъэм** «Ромэн» щыджан театрыр къызэрагъэпэщащ.

♦Урыс сурэтыщІ цІэрыІуэ **Суриков Василий** къызэралъхурэ илъэси 169-рэ ирокъу.

♦Урыс бзэщІэныгъэлІ, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и член-корреспондент, псалъэ мин 90-м щІигъум я мыхьэнэр къыщыгъэлъэгъуа псалъалъэ цІэрыІуэр къыдэзыгъэкІа **Ушаков Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 144-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, СССР-м и щыхубэ артист **Ромм Михаил** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, шэрджэс ермэлыхэм ящыщ, Армавир кьалэм щІыхь зиІэ и цІыху **Дангулов Саввэ** къызэралъхурэ илъэси 105-рэ ирокъу.

♦Полковник, жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Джэтауэ Хьэмыщэ** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бетрожь Руслан** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкіуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист **Ободзинский Валерий** къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, къэрал лэжьакІуэ **Щыхьмырзэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Музыкант, дирижёр, СССР-м и цІыхубз артист, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Башмет Юрий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щыІэр градуси 6 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Узым зыдэбгъэшмэ, узыІэпешэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм щІышылэм и 16-м къыдигъэКІа унафэ №1-РГ-мкІэ къащтащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм инвестицэ политикэр пхыгъэКІынымрэ инновацэхэмкІэ и лІыкІуэ щхьэхуэм теухуа ХАБЗЭР

І. И зэхуэдэ Іыхьэхэр

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм инвестицэ политикэр пхыгъэКІынымрэ инновацэхэмкІэ и лІыкІуэ щхьэхуэм (адэкІэ къызэрыкІуэнур - ЛІыкІуэщ) и къулыкъур ягъэуцу инвестицэр экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ, гуманитар Іэнатіэхэм къыхалъхьэн папщІэ Іэмалхэр къызэгъэпэщыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэ политикэр фейдэ пылъу щыпхагъэКІыным икІи инновацэхэм зыщагъэужьыным щІэгъэкъуэн хуэхъуным, апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и сэбэн зыхэлъхэр зи гугъу тщІы Іэнатіэм къэрал органэхэм, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм хуаІэ зэхущытыкІэхэм щыпхагъэКІын икІи абыхэм щадзлажьэн мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм дэІепыкъуным хуэгъэзауэ.

2.2. ЛІыкІуэм и къулыкъум ягъэув хъунущ Къэбэрей Федерацэм и цІыхуу инвестицэ проектхэм я аудитхэр къызэгъэпэщынри, пхыгъэКІынри, абыхэм инвестицэ, инновацэ программэхэр пхыгъэКІыным пыщІа кьалэнхэри хэту инвестицэ лэжьыгъэм зи Іэщ1агъэкІэ хэзыщІыкІхэр, а Іэнатіэм щыпхажьахэр.

3. ЛІыкІуэр и къулыкъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм егъэув Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и полномочиехэр щиухыну пІалъэм тещІыхьауэ. ЛІыкІуэм и полномочиехэр и пІалъэр къэмысу щхьэщихыкІэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм.

4. И лэжьыгъэр щигъэзащІэкІэ ЛІыкІуэр заншІэу щІэтщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и унафэм.

5. И лэжьыгъэр щигъэзащІэкІэ ЛІыкІуэм тегъэщІапІэ ещІ Урысей Федерацэм и Конституцэр, федеральнэ законхэр, нэгъуэщІ хабзэгъуэ Іэхуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и указхэмрэ унафэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и хабзэгъуэ мардэхэр, мы Хабзэр.

6. ЛІыкІуэм и лэжьыгъэр зэфІегъэкІ федеральнэ къэрал органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм, абыхэм зэщІагъэуІуа икІи чэнджэщакІуэ ящІа органхэм, организацэхэм япыщІауэ.

7. ЛІыкІуэм и лэжьыгъэр зэпымыууэ улахуэ зыпэкІуэ щІыкІэм тету иregъэкІуэкІ.

ІІ. ЛІыкІуэм и лэжьыгъэр

8. ЛІыкІуэм и лэжьыгъэр тещІыхьащ:

а) Республикэм и инвестицэ, инновацэ политикэм и унэтІынигъэ нэхъыщхьэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инновацэ, инвестицэ лэжьыгъэм зэрызиужьынум и прогнозхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и инвестицэ стратегиер зэтеухуэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и инновацэ программэр зэхэлъхьэным теухуа Іэхуэхэм хэтыным;

б) инвестицэ, инновацэ лэжьыгъэр дэІыгъыным, абы гъэзэгу егъэзэгъэным, инновацэ инфраструктурэр къызэгъэпэщыным икІи лъэ быдэкІэ гъэувыным, щІыналъхэр хьэпшыпхэмрэ Іэхутхьэбзэхэмрэ я Іэнатіэм щекІуэкІ инновацэ лэжьыгъэм хыхьэн папщІэ Іэмалхэр къызэІуахыным ехьэлІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыхилъхьэхэм хэпІэныным икІи ахэр гъэхьэзырыным;

в) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щекІуэкІ инвестицэ, инновацэ лэжьыгъэм егъэщІылІа Іэхуэхэм теухуа аналитикэ, информацэ нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэм егъэщІылІа дэфтэрхэр къызэгъэпэщыным икІи ахэр гъэхьэзырыным хэтынущ;

г) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэщ1акІуэ властым и органхэмрэ инновацэ инвестицэ Іэнатіэм теухуауэ къащтэ унафэхэр гъэхьэзырыным икІи пхыгъэКІыным я Іуэхум щІэныгъэ, эксперт жылагъуэр къыхэшэным;

д) инновацэ, инвестицэ лэжьыгъэм зегъэужьыным ехьэлІа ІэхуэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэув хабзэ мардэхэм я проектхэм я экспертизэ егъэкІуэкІыным хэтынущ;

е) къыкІэлъыкІуэну мы Іэхуэхэм теухуауэ зэфІегъэкІыпхъэхэр къыхалъхьэныр къызэригъэпэщыным икІи ахэр къыпщытэным:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэ, инновацэ лэжьыгъэр щыдэІыгъыным икІи абы щытегъэгушхуэным, инновацэ инфраструктурэр къыщызэгъэпэщыным икІи зыщегъэужьынымкІи, инновацэ лэжьыгъэм хэтхэр хьэпшыпхэмрэ Іэхутхьэбзэхэмрэ щащІэ Іэнатіэхэм льагъэІэсын папщІэ Іэмалхэр зэтеухуэнырэ диІыгъынымкІи абы щІэгъэкъуэн хуэхъуным;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мы Іэнатіэм щриГъэкІуэкІ щІыналъэ зэхуаку, къэрал зэхуаку зэдэлэжьэныгъэм зегъэужьынымкІи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и инвестицэ, инновацэ зыужьынигъэм хуэгъэза щІыналъэ зэхуаку зэгурыІуэныгъэхэмрэ къэрал зэхуаку зэгурыІуэныгъэхэмрэ ягъэзэщІэным;

ж) нэхъ япэ игъэщІын хуей инвестицэ, инновацэ проектхэу, программхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щагъэзэщІэнухэр къыхэхьынымкІи ахэр пхыгъэКІынымкІи щІэгъэкъуэн хуэхъуным, ахэр ягъэзэщІэным пыщІа къызэгъэпэщыныгъэ, технологие, финансэ, нэгъуэщІ Іуэхуэхэр я тэмэгъыр къыпщытынэм;

з) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэщ1акІуэ властым и полномочнэ органхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэ, инновацэ лэжьыгъэм и Іэнатіэм щрагъэкІуэкІа лэжьыгъэм къыриІуахэр зэхэлъхьэным хэтынущ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхахыу инвестицэ, инновацэ лэжьыгъэм халъхьа мылькур къызэрагъэсэбэпа щІыкІэм теухуа отчётхэм зэрызэпІэкъри абыхэм яхэту;

и) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм пщэрылъ къызэрыщищІым ипкъ иткІэ:

зи гугъу тщІы Іэнатіэм егъэщІылІа Іуэху пыухыкІахэм къэрал органхэр, щІыпІэ самоуправленэм и органхэр, зэщІэзыгъэуІуэ, чэнджэщакІуэ органхэр, организацэхэр щыхэпІэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Іуэху бгъэдэлэжьІэр къигъэлъэгъуэным;

инвестицэ, инновацэ зэдэлэжьэныгъэм ехьэлІа ІуэхуэхэмкІэ я лэжьэгъуэхэм ирагъэкІуэкІ зэпсэлъэныгъэхэм хэтынущ;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр хэту ягъэзащІэ инвестицэ, инновацэ проектхэмрэ программэхэмрэ щелэжькІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и полномочнэ органхэр хэтынущ къызэригъэпэщыным;

зи гугъу тщІы Іэнатіэм ехьэлІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІ указхэмрэ унафэхэмрэ, федеральнэ, республикэ хабзэ мардэхэр ягъэзэщІэнкІэ къызэригъэпэщыным икІи ахэр зэрагъэзащІэ щІыкІэр къыпщытэным;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэ, инновацэ лэжьыгъэр щезыгъэкІуэкІхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъуным;

инвестицэ, инновацэ лэжьыгъэм зегъэужьынымкІи ехьэлІа Іэхуэхэр зэфІигъэкІынымкІи икІи ахэр къызэригъэпэщыным;

к) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэмрэ инновацэмрэ зэрызыщІужьыным теухуауэ блэкІа мазищым, илъэсым къыриІуахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и пащхьэм ирилъхьэным.

ІІІ. ЛІыкІуэм и хуитыныгъэхэр

9. И къалэнхэр щигъэзащІэкІэ ЛІыкІуэр хуитщ:

а) инвестицэ, инновацэ лэжьыгъэм зегъэужьынымкІи егъэщІылІа Іуэхуэхэм щыхэпІэхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм пщэрылъ къызэрыщащІам, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и нэгъуэщІ органэхэм я жэрдэмкІэ къызэрагъэпэщ зэІущІэхэм, зэхуэсхэм, нэгъуэщІ Іуэхуэхэм хэтыну е абыхэм пщэрылъ зэрыщащІам ипкъ иткІэ консультативнэ, чэнджэщакІуэ органхэм лэжьакІуэ гупхэу инвестицэ е инновацэ проектхэр яджыну, ахэр къаззрыщыхъур жаІэну, пхагъэКІыну кьалэн зыщащІахэм ирагъэкІуэкІ зэІущІэхэм, зэхуэсхэм хэтыну;

б) езым и Іуэху зыхэлъхэр зыкъзщІиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къулыкъущІэхэм, гъэзэщІакІуэ властым и органхэм, нэгъуэщІ къэрал органхэм, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм, организацэхэм, жылагъэ зэгухэныгъэхэм ядэлэжьэну;

в) инвестицэ, е инновацэ зыужьыныгъэм ехьэлІа Іуэхуэхэм нэхъыбэу теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ я деж щыІэ консультативнэ, чэнджэщакІуэ органхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм хэтыну;

г) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм щыщхэмрэ инвестицэ, инновацэ лэжьыгъэм хэтхэм, инвестор хъуну хьэзырхэм официальнэу е ІуэхукІэ яІущІэныр къызэригъэпэщыну;

д) зыхуеину дэфтэрхэмрэ хъыбархэмрэ ягъэува хабзэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм, организацэхэм, къулыкъущІэхэм я деж щыщІэупщІэну икІи ахэр къыІихыну;

е) къэхутэныгъэ, аналитикэ, эксперт лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІыным ягъэува хабзэм тету организацэхэр, апхуэдэу еджагъэшхуэхэмрэ Іэщ1агъэлІхэмрэ кьиришэлІэну;

ж) инвестицэ е инновацэ проект щхьэхуэхэм елэжьын папщІэ властым и органхэм, жылагъуэ зэгухэныгъэхэм, организацэхэм, еджагъэшхуэхэм, экспертхэм къыхашу комиссэхэр, эксперт органхэр, ведомствэ зэхуаку лэжьакІуэ гупхэр къызэрагъэпэщыным и жэрдэмщІакІуэу увыну;

з) инвестицэ, инновацэ проектхэр гъэзэщІэным ехьэлІа ІуэхуэхэмкІэ къэрал органхэм, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм, организацэхэм я лІыкІуэхэр хэту икІи ягъэува хабзэм тету зэІущІэхэр ирагъэкІуэкІыныр къызэригъэпэщыну, абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэщ1акІуэ властым и унафэм щІэт ведомствэхэу инвестицэ, инновацэ политикэр пхызыгъэхІэхэм я лІыкІуэхэри къызэщІаубыдэу;

и) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зыхэт инвестицэ, инновацэ проектхэмрэ программэхэмрэ ягъэхьэзырыным, хэпІэным, пхыгъэКІынымкІи теухуа лэжьыгъэм хэтыну;

к) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зыхэт инвестицэ, инновацэ проектхэр зэрагъэзащІэм къит фейдэр, а лэжьыгъэм зыриІуэхэр зыхуэдэм кІэлъыплъыну;

л) ягъэува хабзэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Гъэзэщ1акІуэ властым и органхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэ, инновацэ политикэр щыпхыгъэКІынымкІи теухуа лэжьыгъэм хэтхэм.

11. ЛІыкІуэм и лэжьыгъэр мылъку-техникэ, транспорт я лъэныкъуэкІэ къызэзыгъэпэщыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхэр зезыхьэ Управленэрщ.

Егъэджакіуэ щыпкъэу, хэкупсэ нэсу, тхыдэдж телъыджэу икіи къэхутакіуэ Іэзэу щытащ КъБКъУ-м и профессор, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Бетрожь Руслан Жэмалдин и къуэр. Лэскэн районым хыхьэ Старэ Урыху (иджы Хьэтуей) адыгэ къуэхэм 1942 гъэм къыщалъхуа Бетрожьым и гъащІэ псор хуигъэпсащ лъэпкъ тхыдэр джыным, абы къикІуа гъуэгуанэр къызыкуэтыншэу зэфІэгъэувэжыным, ахэр щІэин лъапІэу щІэблэм къахуэгъэнэжыным. ЩІэныгъэлІ цІэрыІуэр къызэраліхурэ илъэс 75-рэ ирокъу щІышылэм и 24-м.

АДЫГЭМ ди тхыдэм, лъэпкъым и къэкІуэкІыкІам теухуа хъыбарыжьхэм дахьэх зэпыту къэхуауд Бетрожьыр. Ку ахэжьм дэт курыт школым щыщІэса илъэсхэми абы гулъытэ нэхъыбэ зыхуищІыр анэдэлъубзэ, лъэпкъ литературэ, тхыдэ предметхэр. Ар къиуха ныжь, Руслан зыщІэхъуэпс тхыдэдж Іэщ1агъэм щыхуеджащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым. Студент илъэсхэр купщІафІэу иригъэжьащ Бетрожьым. Фіыуэ зэреджэм къыдэкІуэу, щІалэ жаныр сыт щыгъуи хэтт университетым къыщызэрагъэпэщ щІалэгъуалэ конференцэхэм, абыхэм я утыку щиІуатэрт лъэпкъ тхыдэр джыным епха и епІпыкІэхэр. А лъэхъэнэм хуоз Кавказ Ищхьэрэм и тхыдэм, археологием ехьэлІауэ абы зэфІиха япэ къэхутэныгъэхэр. Абыхэм Бетрожьым нэхъ шэщІауэ щыпищащ университет нэужьым и щІэныгъэм щыхигъэхъуа еджапІэм: Куржым ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием Тхыдэмкіэ, археологиемрэ этнографиемкіэ и институтым, Джавахишвили Иване и цІэр зезыхьэм, и аспирантурэм. 1972 гъэм Бетрожьым кандидат лэжьыгъэр игъэхъэзыращ, абы ирихьэлІэу иригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу. А илъэс дыдэм ар екъулІэныгъэкІэ Тбилиси щыпхигъэкІащ икІи «Археологие» Іэщ1агъэмкІэ щІэныгъэхэм я кандидат цІэр кьыфІащащ.

Республикэм къэкІуэжа нэужь, Бетрожьыр щІэныгъэ лэжьакІуэ нэхъыжьу ирагъэблагъащ Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым (иджы Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институт). Абы иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр епхат Кавказ Ищхьэрэм и тхыдэм щыщу купщІэ куу зиІэ Іуэхугъуэм. Апхуэдэхэм хилъытэу, Руслан археологие къэхутэныгъэшхуэхэр зэфІихащ Кавказыр домбеякъ (бронзэ) лъэхъэнэм щитам теухуауэ. ЩІэныгъэлІыр 1972-1982 гъэхэм жыджэру хэтащ Бахъсэн, Шэджэм пситІ зэхуакум институтым къыщызэрагъэпэщауэ щыта археологие зекІуэм. А къэхутэныгъэ купщІафІэхэм къарикІуахэр щІэныгъэлІхэм къыщызэщІакъуэжащ 1984, 1985, 1987 гъэхэм дунейм кьыетхьа «Къэбэрдей-Балъкъэрыр щекІуэкІа археологие къэхутэныгъэр (1972 - 1979 гъгъ.)». Бетрожьым абыхэм триухуауэ щытащ «Кавказым щыпсэуа лъэпкъхэм я тхыдэ жыжьэр» монографиер. Ар 1982 гъэм Налшык къыщыдэкІащ.

ЩІэныгъэлІ Іэзэр дэзыхьэх къэхутэныгъэхэм ящыщт адыгэхэм я этногенезымрэ тхыдэмрэ. А унэтІыныгъэхэм епха лэжьыгъэшхуэхэу Бетрожьым зэфІихахэм хьэлэмэтагъуэу яхэлъщ антропологиемкІэ, археологиемкІэ, тхыдэмкІэ, этнографиемкІэ, бзэщІэныгъэмкІэ, Іуэрыіуатэмкіэ щыІэ щІэныгъэхэм ящыщ куэд абыхэм уаэзэрыщихьэлІэр. Апхуэдэ щІэныгъэ къэуГуеикІэм къеГъэлъагъуэ и кьалэмыпэм кьыпыкІа тхыгъэхэм авторым академическэ бгъэдыхьэкІэ хуиІэу зэрригъэхьэзырар. Аращ абыхэм жылагъуэ, щэнхабзэ мыхьэнэ ин щІагъэтари.

А Іуэхугъэм Бетрожьым монографие зыбжанэ триухуауэ щытащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «Адыгэхэр къызэрыхъуамрэ яІа лъэпкъ-щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэмрэ» (Налшык, 1991), «Адыгэхэр: лъэпкъыр зэрызэфІэувамрэ игуэта зыужьыныгъэмрэ» (Налшык, 1999) тхыльэ щхьэхуэхэр, «Кьыщпэк къуажэм и Іагъуэблагъэм щыІэ гуэн Іуащхьэхэр» (Москва, 1980), «Кавказ Ищхьэрэм ижь зэманымрэ курыт лІэщІыгъуэхэмрэ щекІуэкІа лъэпкъщэнхабзэ Іуэхугъуэхэр» (Санкт-Петербург, 2005), щІэныгъэ статьяхэр, нэгъуэщІхэри.

Ди тхыдэм епхауэ зэфІиха къэхутэныгъэхэм я купщІэ нэхъыщхьэр Бетрожьым щызэхуихьэсыжауэ щытащ «Адыгэхэм я лъэпкъ тхыдэр» зыфІищ и монографие цІэрыІуэм. Ар зи лъабжьэ и доктор лэжьыгъэр Руслан утыку кьурихьащ 1997 гъэм икІи РАН-м и Дагъыстэн щІэныгъэ центрым Тхыдэмкіэ, археологиемрэ этнографиемкІэ и институтым екъулІэныгъэкІэ щыпхигъэкІащ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор цІэ лъагэри кьыфІащащ.

Бетрожь Руслан и щІэныгъэ зэфІэкІхэм щыщыгъуаэт ди лъэпкъэгъуэр щыпсэу хамэ къэралхэм. 2009 гъэм Тырким и «Кафдав» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІауэ щытащ «Адыгэхэм я лъэпкъ тхыдэр» (Анкара, 2009) лэжьыгъэ хьэлэмэтыр.

Псори зэхэту щІэныгъэ лэжьыгъэхуэу 40-м нэс, монографие щхьэхуэу 7 хэту, и къалэмыпэм къыпыкІащ къэхутакІуэ цІэрыІуэм. ИригъэкІуэкІ апхуэдиз щІэныгъэ-къэхутэныгъэ купщІафІэхэм къадэкІуэу, Бетрожь Руслан 1981 гъэм къыщыщІэдзауэ илъэс 30-м щІигъэкІэ егъэджакІуэу щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Профессор цІэрыІуэм пщІэрэ щІыхьэ къызыращІыт къыздалежьэжьэм иригъаджэ студентхэм. ЩІэныгъэм и гъуэгум щІалэгъуалэ куэд тригъэуващ абы. Бетрожьым и гъэсэнхэм кьахэкІащ и лъэужьым ирикІуэ, я егъэджакІуэм, унэтІакІуэм ирихьэжьа Іуэхур адэкІи зыгъэкІуатэ щІэныгъэлІ Іэкіуэльакіуэм.

И ныбжьыр илъэс 73-м иту, 2014 гъэм дунейм ехыжащ Бетрожь Руслан. ЩІэныгъэлІ щыпкъэм, профессор цІэрыІуэм, хэхупсэ нэсым и фэеплъэр яхуэмэ абы къыщІэна унагъуэм, зыжьэгъуу иІахэмрэ иригъаджа студентхэмрэ ящыщ куэдым. Апхуэдэ хэкупсэхэр бэм я гум зэман кІыхькІэ кьоно.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Япэ итахэр

Лъэпкъ тхыдэм и къэхутакІуэ

Профессор Бетрожь Руслан

● КъБР-м и прокуратурэм

Яхь тезырыр ягъэткІий

Лажьэ зимыІэр уголовнэ Іуэху зыщІым ихь жэуапыр нэгъабэ дыгъэгъазэм и 19-м къащта Федеральнэ закон №436-ФЗ-м егъэлъэщ.

АПХУЭДЭ щхьэхуещагъэ зылэжьым илъэси 7-м нэс тралъхьэнущ (нэхъапэм - илъэси 5-м нэблагъэт). ЩІэпхъаджагъэ хьэлъэ е хьэлъэ дыдэ илэжьауэ, хьэмэрэ хэщІыныгъэшхуэ е нэгъуэщІ къызэрымыкІуэ хьэгъэщагъэ зэрихьауэ жаІэу лажьэншэм пцІы тезыхьэр илъэси 5-м къыщыщІэдзауэ 10-м нэскІэ ягъэтІысынущ (нэхъапэм - илъэси 3-м щегъэжьауэ 10-м нэблагъэт).

Къыщыжмыщіауэ, хьэрычэт лэжьыгъэм пэрыуэн е и мурад бзаджэр зригъэхъулІэн, щхьэхуещагъэ зэрихьэн папщІэ, хуимыту уголовнэ Іуэху къызэІуихыу хьэрычэт лэжьыгъэр къызэпызыуДым, хьэмэрэ хэщІыныгъэшхуэ къызыхэзыхьым илъэси 5-м щегъэжьауэ 10-м нэс тралъхьэнущ. Мыбдежым сом мелуанрэ мин щитхум щІигъур хэщІыныгъэшхуэу къалъытэ.

УФ-м и УК-м и 169-нэ статьям («хабзэкІэ ирагъэкІуэкІ хьэрычэт, нэгъуэщІ лэжьыгъэхэр къызэрызэпаудыр») щыгъэбелджыла щІэпхъаджагъэхэм я пэублэ следствэр къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ Іэнатіэхэм я следователхэм къыІахьжри, Урысей Федерацэм Следствэмкіэ и комитетым и следователхэм ираташ.

2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м къыдэкІа Федеральнэ закон №441-ФЗ-м ипкъ иткІэ, яГъэхъуаншэр жэуапым зэрырашэлІа унафэм и копиер яГъэтІысам иратыж, Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 46-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм и япэ пунктым зэрыжиІэм хуэдэу, нэхъапэкІэ Іэрымысьжамэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● УпщІэ - жэуап

Фызыхуейр къыхэфх

Иджыблагъэ си гъунэгъу цІыхубзым къызжиІащ я унафэщІым лэжьакІуэхэр псори медицинэ страхованэмкІэ нэгъуэщІ Іуэхущ1апІэм зэригъакІуэжар. Апхуэдэ къэхъуащ. Къэхъуащ, дэ, цІыхухэм, дауэ къызэрытщІэнур страхованэмкІэ Іуэхущ1апІэ дапщэ щыІэми, дэтхэнэм дзыхь ебгъэз хъунуми?

МЭРШЭНКЪУЛ Аскэр, *пенсионер.*

УпщІэм жэуап ирет КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Расторгуевэ Светланэ:

- УпщІэр мыхьэнэ зиІэщ. Нобэ ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ Іэнатіэм хьыхьэфынущ страхованэмкІэ Іуэхущ1апІэ зыбжанэ. Ауэ, цІыхум езым и арэзынныгъэ хэмылъу страхованэмкІэ Іуэхущ1апІэ гуэрым ирапхыну хуиткъым. Дэтхэнэ зыми ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ Іэнатіэм дэлажьэ медицинэ Іуэхущ1апІэм къыщыхуащІэну дэІепыкъуныгъэмкІэ страхованэ ищІынумэ, зыхуей Іуэхущ1апІэр къыхихыну Іэмал иІэщ. ЦІыхуэм медицинэ Іуэхутхьэбзэ щыхуащІэ Іуэхущ1апІэу дэ къыдэпхауэ 39-рэ, унейуэ 18-рэ ди республикэм щыІэщ.

2016 гъэ лъандэрэ ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ ди республикэм щолажьэ Іуэхущ1апІи 3: «РГС-Медицина», «СК РЕСО-МЕД», «СК «ВСК-Милосердие» ООО-хэм я щІыналъэ къудамэхэр. Абыхэм ятеухуа хьыбархэр къыщыбгъуэтынущ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и сайтым «КъБР-м и къэрал программэ» Іыхьэм, апхуэдэу ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ щІыналъэ къудамэм, медицинэ Іуэхущ1апІэхэм.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ, а Іуэхущ1апІэищри зыр адрейм и хьэрхуэрэгъуу зэрыщытыр. Абы къикІраци, цІыхухэм къыхахынур Іуэхутхьэбзэ нэхъыфІ къыщыхуащІэ, жыджэру къащхьэщыж Іуэхущ1апІэрщ. СтрахованэмкІэ Іуэхущ1апІэр илъэсым зэ пхъуэжыну ухуитщ. СтрахованэмкІэ медицинэ Іуэхущ1апІэхэр зи хуэдэр нэхъыфІу къащІэн папщІэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм абыхэм Іэмал яритащ лэжьыгъэ щхьэхуэхэр сымаджэщхэм, поликлиникэхэм, амбулаторэхэм щрагъэкІуэкІыну. Гу лъыстамэ, абыхэм щолажьэ зи гугъу сщІа страхованэмкІэ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэр. ЦІыхухэм абыхэм зыхуагъаз хъунущ ФІэкІыпІэншэ медицинэ страхованэмкІэ упщІэ яІэмэ, медицинэ дэІепыкъуныгъэ къыщыхущІэкІэ гугъуехь гуэрхэр зыхэкІмэ е я хуитыныгъэхэр къызэпаудмэ.

Къытызогъэзэкри, цІыхухэр хуитщ страхованэмкІэ Іуэхущ1апІэ зыхуейр къыхахыну.

● Шэджэм щІыналъэ

ЩІышылэм и кІэм яухынущ

«Кавказ» Р-217 федеральнэ автомобиль гъуэгум декІуэкІ щІыпІэхэр, щыІэ пщалъэм къитІасэу, Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм щагъэкъабзэ.

ЩІЫПІЭ администрацэм и лэжьакІуэхэмрэ бджэндырыплажьэхэмрэ жыгхэр яуухъунщІ, жьы хъуахэр кьрачыж.

Техникэ хэхауэ тхурэ нэгъуэщІ Іэмэпсымэхэмрэ кьагъэсэбэп.

Федеральнэ гъуэгум дэкІуэ мэз кусэу километритхур щыІэ пщалъэм къитІасэу зыхуей хуагъэзэнущ.

Лэжьыгъэ псори щІышылэм и кІэм яухыну я мурадщ.

КІАРЭ Элинэ,
Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и лэжьакІуэ.

● Жьыжьэ - гъунэгъу

ТхакІуэ, режиссёр, продюсер Къандур Мухьэдин *(Иордание)* ныбжьэгъуэхэм ягъэлъапІэ. Сурэтым щыволъагъу техникэ щІэныгъэхэм я доктор Иуан Пётр, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор Тау Пщыкъан, Къандур Мухьэдин, композитор ХьэІупэ Джабрэ Іил сымэ. *1990 гъэ*

ЩІалэгъуэ

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар Багъэтыр Луизэщ

«Зумба» - гъур узыщІ къафэ

● ЗэвгъэцІыху

Къетыкъуэ Индирэ и гъащІэр къафэм епхауэ къоГуэГуэрыкІуэ. Езыр и ІэщІагъэкІэ гъэсакІуэщ, садыи щыІэжьащ. Иорданием ильэс зыбжанэкІэ щыпсэуати, къафэмкІэ и щІэныгъэм хигъэхъуауэ къыгъэзэжащ, «Зумба» спорт къафэ лІэужьыгъуэщІэр къыздихьри.

- Индирэ, сыт уи дежкІэ къафэр зищІысыр?

- Сэ сызэрыщІыкІуРэ къафэ зэмылІэужьыгъуэхэм зыхуэзгъасэу сыкъоГуэГурыкІуэ. Псалъэм папщІэ, адыгэ къафэр, бальнэр, спорт къафэр фІы дыдэу сльагъурт. Балигъыпіэ сыщиувэм ІэщІагъэу къыхэсхар нэгъуэщІт, ауэ къэфэныр си пкъым хэтти, Абхъазым и утым бэрэжьей къэс щызэхашэ джэгум сыкІуэрт лэжьапІэ нэужьым.

- Унагъуэ уихьа нэужь, уи щхьэгъусэм ущІыгъуу Иорданием укІуэри, ильэс зыбжанэкІэ ущыпсэуащ. Абыи къэфэм щыхуэбгъасэу узэрыщІэжьар сощІэ...

- Пэжу, Иорданием сыщыпсэуам Rosary Sister School италие католическэ школым бальнэ къафэхэмкІэ гъэсакІуэу сыщылэжьащ. Илъэси 4-12 хъу щІыкІухэрат сызыдэлажьэр. Гъэм къриубыдэу концерти 4 щыт къэхъурт! «Концертмейстер нэхъыфІ дыдэ» дамыгъэмкІэ сагъэлъэпІауэ щытащ а школым сыщыщылажьэм. А зэманым фитнес клубми сыщыІати, аращ «Зумба»-р къыщыысщІар. А къафэм зезгъэса нэужь, ар си лэжьыгъэ нэхъыщхьэ хъуащ.

- Сыт-тІэ, «Зумба»-р зищІысыр?

- «Зумба»-р фитнес къафэщ. Ар латиноамерикан, хьэрыпІ, индие, хип-хоп къафэхэм я зыгъэзэкІэхэр щызэхэпща къафэ псынщІэщ. ЗыгъэзэкІэмрэ уи бэуэкІэмрэ зэтехуэу щытын хуейщ. Абы уи гур, лъыр егъэлажьэри, укъеГупэнщІантІэ, гъур уещІ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, уи гукъыдэжьыр къэзыІэт, сыкъэфащэрэт жыпІэу уи лъэр щІэзыгъэкІ макъамэхэр къыхьидохри, укъэмыфэнкІэ, умыгуфІэнкІэ Іэмал имыІэу удехьэх. Къыхэгъэщыпхъэщ «Зумба»-р къафэ лІэужьыгъуэ мыхъуу, спортым щыщу къызэралъытэр.

- Псалъэм папщІэ, сэ «Зумба»-м сыкІуэну сыхуейщ, гъур зыщІынкІэ щхьэкІэ. Сыт хуэдэ пІалъэкІэ къызэхъулІэну ар?

- Мазэ зэрыдэкІыу гу лъыптэнщ зэрызыпхъуэжам! Мази 3-4-кІэ лейуэ пкІэрылъыр пкІэрыхунщ. Абы къыдэкІуэу, уи гукъыдэжым зыкъиІэтауэ, нэхъ псынщІэ ухъуауэ, укъарууфІэу ущытщ.

- Сэ зэрысщІэмкІэ, хъыджэбз цыкІуитІ зэтІолъхъэныкъуэу уиІэщ. ЩыпІищ-плІым щылажьэ анэм и гулъытэ а щыкІуэр щыщІэркъэ?

Пэжщ, гугъущ! Ауэ си анэмрэ си шыпхъу нэхъыщІэмрэ къыздоІэпыкъу. Ахэр мыхъуатэмэ, сщІэртэкъым сызэрыхъунур. Ауэ нобэрей гъащІэм нэгъуэщІу ухэпсэуКІысфынукъым.

- ЩэнхабзэмкІэ зэфІэкІ зиІэр Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм хуэІэзэ хабзэщ. Уэ сытым удихьэхрэ?

- Сэ «Тильда» жыпхъэм ит гуащэ, зэрыджагу хьэпшыпхэр сод... Абыи Иорданиеращ сыщыдихьэхар. Гъэльэгъуэныгъэ зыбжанэм сыщыхэтащ, Налшык къали мастер-классхэр щызоГэкІуэкІ.

- Упсэу, Индирэ. Уи щІэныгъэмрэ Іэщіагъэмрэ я хъер улъагъу!

Епсэлъар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

Зэрысабийрэ гупжьей зэмылэужьыгъуэхэм зыщигъасэурэ утыку иту къэхъуащ, ауэ театрыр и лэжьапІэ хъуну игу къэкІыхъэртэкъым нэІуасэ дызыхуэхъуа актрисэ ныбжьыщІэ МафІэдз Заирэ. Ауэ Щукиным и цІэр зезыхьэ Театр институтыр (Москва къалэ) ехъулІэныгъэкІэ къыиухри. Щоджэнцыныкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр зыгъэбжьыфІэну зи мурад щІалэгъуалэм я гъусэу абы къигъэзэжащ.

Гъащіэр щхьэусыгъуэурэ зэхэлъщ

КъБКъУ-м и юридическэ факультетым илъэсым щІигъэкІэ щеджауэ, Заирэ зы махуэ закъуэм псоми зригъэхъуэжащ. «СызэдэкІуэу щыта гупжьейхэм къыщыддэлэжьа Къэжэр Борис сыщІэупщІэну ди Къэбэрдей театрым сыщІыхьат. ЕтІуанэ махуэм ар къэпсэльащ Щукиным и цІэр зезыхьэ театр институтым ягъэкІуа гупым щыщ зым щхьэусыгъуэ гуэркІэ къыззригъэззэкар, абы и пІэкІэ нэгъуэщІ зэрылъыхъуэр къызжиІэну. Сыхуейтмэ, Москва сызэрагъэкІуэнур къыщызжиІэм, Іуэхум ящІэ сихьащ, - жеІэ Заирэ.

Гамзатов Расул и зы усэ, Гоголь Николай «Вечера на хуторе близ Диканьки» и повестым и зы Іыхьэ, Крылов Иван и «Квартет» шыпсэр игъэхьэзырри, хъыджэбзым и зэфІэкІхэм кьедэІуащ абы щыгъуэм КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министру лэжьа Фырэ Руслан.

Махуэ зы-тІу нэхъ дэмыкІыу, МафІэдз Заирэ щыхьэрым «къыщыхутащ», илъэсиплкІэ ныжьу къыпэщылъу. «Театрым и утыку зэ уихьамэ, абы укъиутІыпщыжыркъым, псэкІэ упыщІа мэхъу. Москва дыщыщІа илъэсхэм зэман куэд щыдгъэкІуащ Вахтанговым и цІэр зезыхьэ театрым. Абы лъагъуныгъэшхуэ хуэсщІащ», - жеІэ актрисэм.

Киномрэ театрымрэ щызэригъаПщэкІэ, Заирэ а тІур куэдкІэ зэрызэщхьэщыкІыр къыхегъэщ. «Ди гупым щыщ зыбжанэм фильмым хэтыну Іэмал яІащи, абыхэм нэхъ жаІэфыну къыщІэкІынщ театрымрэ киномрэ ущылэжьэныр зищысыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъэкІуэжа нэужь, ди телецентрым и зы лэжьыгъэ дыхагъэхьати, пэжыр жыпІэмэ, гугъу дехьащ. Кином щыбольагъу псори: щрыщІэныгъэ щыкІу пІэщІэкІами, зы щыпІэ деж щебгъэлеями. Театрыр ар къыхьащ. Абы и утыкум укъихьэхукІэ, бгъэзащІэ ролыр пхуегъэфІэкІуэнущ. Кином узыхуэарзэныкъ-узыхуэмыарзэныжым емыльытауэ, а зыкъызэрыщыбгъэльэгъуэм хуэдэу къэнэнущ. Абы нэхъ гугъу удохьэ», - жеІэ ди псэльэгъуэм.

Театрми гъащІэми къыщагъэсэбэпыфын щІэныгъэ къыщІахащ ди актёр ныбжьыщІэхэм Щукиным и цІэр зезыхьэ театр институтым. Нэхъыщхьэрати, егъэджакІуэхэр къелІэлІащ.

- Ди егъэджакІуэу щыта Сазоновэ Галини чэнджэщагъуэ сиІа Къэжэр Бориси зэрызэщхьэщыкІышхуэ щымыІэу жалаУэ щыта Іущыгъэ гуэрхэр си гум кьинащ. Жаларат: «Театрым ухэтын папщІэ, уи хьэлри Іэпкълъэпкъри абы хуэбгъэпсын хуейщ». Щэч хэмылъу, а псалъэхэр сыт щыгъуи сэбэп къысхуохъу. Актёрым утыкум иту гъащІэ Іэджэ зэхуэмыдзу кьепсэуфэ, цІыхуми и фэм дигъэхуэфыр, хьэл зэмылІэужьыгъуэхэр богъэунэху. Зы мащІэкІэ а псом дазэрылъэІэсыфымкІэ ди насып кърихьэкІаУэ къыслщохьу. - къыхегъэщ Заирэ.

Гъунапкъэр дэнэ деж?!

Актёр къэс нэхъыфІу къеХуэлІэжанр яІэжщ. ДгъэщІэгъуакъым ди псэльэгъу актрисэм драмэр нэхъ пэгъунэгъуу зэрыжиІар - театрым и лэжьакІуэ куэдым абы нэхъ трагъащІэ.

- ГушыІэ, драмэ ролхэм узэрелэжьыр зэи зэхуэдэкъым. Драмэм хуэхьэзыр ухъуным зэман нэхъыбэ текІуадэми, сэ сызэрелъыимкІэ, гушыІэ спектаклыр къохьулІэныр ящІэ ролыр уипкъми уи псэми пхыгъэкІ, абы и гъащІэр ууейм хуэдэу къызыщыгъэхъу», - жиІэри.

Драмэ лэжьыгъэм и щэхухэм МафІэдз Заирэ хигъэгъуэзащ гупым я художественнэ унафэщІ Ворошиловэ Людмилэ. Распутин Валентин и «Живи и помни» повестым щыщ пычыгъуэ абы къиртри, къыдеджа Жыкъуэ Назир и

● Театр

сыт щыгъуи нэхъ гугъущ, - жеІэ хъыджэбзым. - ГушыІэм и гъунапкъэр пщІэуэ щытын хуейщ, пэшым щІэсыр зэ пхуэгъэдыхьэшхэр ар уи фІэщ хъужмэ, занщІэу ебгъэлеиныр хэлъщ. Театр институтым къыщыддэлэжьа режиссёр, актёр цІэрыІуэ Любимцев Павел «Ханума» спектаклыр къыщыддигъэувым, Ханума и ролыр къызитауэ щытащ. Абы щыгъуэм сигъэІуащ: «Бгъэсыт щыгъуи нэхъ гугъущ, - жеІэ хъыджэбзым. - ГушыІэм и гъунапкъэр пщІэуэ щытын хуейщ, пэшым щІэсыр зэ пхуэгъэдыхьэшхэр ар уи фІэщ хъужмэ, занщІэу ебгъэлеиныр хэлъщ. Театр институтым къыщыддэлэжьа режиссёр, актёр цІэрыІуэ Любимцев Павел «Ханума» спектаклыр къыщыддигъэувым, Ханума и ролыр къызитауэ щытащ. Абы щыгъуэм сигъэІуащ: «БгъэгъусэУ игъэхьэзыращ. «Утыкум ситу сыджэгурэ къыщыщІыпарэ къызгурыІуэжьыртэкъым. АпхэдизкІэ си гум хьихьат а пычыгъуэри, Іупхъуэр зэрызэхуащІыжу сыгъат», - игу къегъэкІыж Заирэ.

Ещанэ курсым щеджэу, МафІэдз Заирэ зыхэт гупым дагъэващ «ЩІалкІуэ фІыцІэ» спектаклр. Абы ар бажэу щыджэгуащ. КъыкІэлъыкІуэу, Шиллер Фридрих и «Ковар-ство и любовь» драмэм Леди Мельфорд и ролыр щигъэзэщІащ, мы зэманым Бунин Иван и рассказхэмкІэ зэхагъэува «Грамматика любви» спектаклым, «ШыкъумцІий» псысэм щоджэгу.

Къэбэрдей театрым иужьрей дыдэу игъэувахэм ящыщщ югослав драматург Нушич Бранислав «Доктор философии» и пьесэм къытращІыкІа «Диплом» спектаклыр. Абы МафІэдзым Сойкэ и ролыр щегъэзащІэ. «Ар апхэдэу лэжьыгъэшхэрэкъым, ролыр щыщІыкІуи и деж утыкум укъихьэу цІыхум я гум укъинэжьын щыхьэкІэ, уегугъупхъэщ. Уеблэмэ роль нэхъыщхьэ зыІыгъэхэм нэхърэ нэхъыбэж пхуэщІэн хуейщ», - жеІэ Заирэ.

Джульеттэ хьэмэрэ Тыргъэтауэ?

Актрисэр щІохъуэпс Къэбэрдей театрым ІутІыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэр щагъэувыжыну. Дехьэх Медея, Филименэ Мартуранэ я ролхэм хуэди игъэзэщІэну.

- Сэ нэхъыбэу лІыхъужьыгъэ зыхэпІ, сыт хуэдэ къаруми пэщІэтыф, дунейр «зэрагъэдзэкІыну» зыхуэзэфІэкІ цІыхубзхэм я ролхэрщ нэхъ спэгъунэгъуэр. Джульеттэ е Дездемонэ хуэдэхэм сапэжьжьэщ, - жеІэ Заирэ. Зи гугъу сщІыр романтикэ теплъэ зиІэхэм си хьэлкІи цІыху щІыкІэкІи сатемыхуэу къызэрыслъытэрщ. Ролым псэкІэ упэжьжьэмэ, абы уеныкъуэхъукІэ къикІ щыІэкъым, цІыхухэм я фІэщ гъэхъунукъым. Ауэ псори зэлъытыжар режиссёрыщ, абы сенаткклыр зэрилъагъумрэ зэригъэувынумрэщ.

Театрым гупсысэ щІахын хуейщ

Заирэ театрыр фІыуэ зылъагъу москвадэсхэм ящэтхъу, спектаклыр екІуэкІыху я телефоныр къэзыун дэнэ хъэна, ныбэ и псалъэ зэхэпхынукъым, зыкъэрахыу къэкІуэнущ жеІэри.

- Ауэ, гу зэрылъыстамкІэ, ди цІыхухэр гушыІэм, спектакль дыхьэшхэнхэм нэхъ есащ. Уеблэмэ спектаклым хэту упщІэ птамэ, жэуап къуатыжынри хэлъщ. Драмэ спектакль уеплъуи зыпхуэгъэгъэсхуну, уи псэм тыншыгъуэ пхуегъэгъуэтыну къысщохъу. Узыгъэгъавэу щытам нэгъуэщІу уригъэгупсысыжынщ е, сэ сщІэрэ, пщхьэщихынщ, - жеІэ Заирэ. - Театрым щІалэгъуалэ нэхъыбэ къращалІэ зэрыхъуам сыщогуфыкІ. Сыту жыпІэмэ, ахэр гушыІэм и мызакъуэу, драмэми егъэсэн хуейщ. Зы теплъэгъуэм и щапхъэ къэсхьынщи, цІыхубзымрэ цІыхухъумрэ зэщІыхьауэ лІы къэгубжьам и щхьэгъусэм и напэр къыщрихуэлкІкІэ, тлъагъур сыт?! Ар дыхьэшхэн къыщыхъуу, пэшым щІэсхэм Іэгу еуэн къахэкІынкІи хъунущ. Театрым зы гупсысэ гуэр щІахын хуейщ.

Къэбэрдей тетрым и художественнэ унафэщІ Фырэ Руслан игъэувауэ «Унэ лъапІэ» спектаклр йокІуэкІ. Абы еплъахэм я гур кьызэфІэнауэ, я нэпсыр щІалъэщІыкІыу щІокІыж. Режиссёрым хуэзфІэкІащ нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ я зэхуаку дэлъ зэхущытыкІэм ургъэгупсысыну. Ар театрым хуэзфІэкІынум и щапхъэщ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ФІэщмыхъум и фІэщ мэхъу

Илъэсищым нэблэгъауэ КъБР-м и ЛКСМ-м и унафэщІ, КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэт ФІэщмыхъу Рустам ящыщщ Іэщіагъэ Іей зэрыщымыІэр пасэу къызыгурыІуэхэм.

РУСТАМ гъукІэщ, абы Бахьсэн къалэм щиІэщ кІыщ. И кІэм нигъэса и лэжьыгъэхэм кьахегъэщхьэхуКІ Бахьсэн къалэм и щІыпІэ администрацэм иригъэщІа аркэр, Дыгулыбгъуей кьуажэ дэлъэдапІэм таж теплъэ иІэу щагъэувар.

Рустам нэгъабэ щытекІуащ «Хьэрычэтыщ Іэ ныбжьыщІэхэр» зэхьэзэхуэм. Ар КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хьэрычэт ІуэхумкІэ, экономикэмрэ инвестицэхэмкІэ и комиссэм и унафэщІу щытащ.

Мы щІалэр зэрыжьджэрым, сытым зрипщытми ехъулІэныгъэ зыІэригъэхьэфу зэрыщытым и щІыхьэтщ спортымкІэ япэ ныбжьыщІэ разрядэ зэриІэр, илъэсиблкІэ самбэм зэрызыхуигъэсар. Мейкьуапэ дэт спорт колледжым илъэскІэ щеджауэ, абы спортыр лэжьыгъэ зэрыхуэмыхъунур кьызгурыІуэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым къигъэзэжащ. Налшык къалэ дэт Автогъэзгу колледжым механик, электрогазосварщик (3-нэ разрядэ) Іэщ Іагъэхэр щызригъэгъэтыжащ. ГъукІэным ар щыдихьэхащ Налшык къалэ дэт Автокомбинатым зыщагъэсэну еджакІуэхэр щагъэкІуа илъэсым. Иджы Рустам и Іэдакъэщ Іэкіыр къэпщІыхунущ гъущ куэбжэ, нэгъуэщ зыгуэр ищІами. Ахэр гъуэзджэ лІэужьыгъуэм негъэс, мы Іуэхум фІыуэ хещІыкІ, зэфІэкІ иІэщи.

Къыхэдгъэщынщ Псыхуэбэ илъэс къэс щекІуэкІ «Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхьыхьэми ФІэщмыхъу Рустам зэрыщІар, и зы проект абы зэрыщІыпхигъэкІар. Ар зытриухуар ЦІыхухэм кьадекІуэкІ Іэщ Іагъэхэм щІалэгъуалэр дихьэхын папщІэ къзбгъэсэбэп хуэну Іэмалхэрт.

ФІэщмыхъур псапэ зыпыІ. Іуэхухэр кьыззэыгъэпщ волонтёрхэми ядолажьэ. Нэхъыщхьэраци, сыт хуэдэ Іуэхум зрипщытми, сэбэп зэрыхъунум хущІэкъуэ зэпытщ, аращ ипэкІэ щІэкІуэтэфри.

АЛЪХЪО Земфирэ.

Нэхъыжьхэм я псалъэ

Нэхъапэ Іуэкіэ щІалэгъуалэм я упщІэм естыну жэуапым гугъу сригъэхъу щытамэ, иджы ахэр зыщІэупщІэр къызгурыІуэхэркъым.

РАНЕВСКАЯ Фаинэ.

Зы щІэблэм адрейр толъкъуным хуэдэу «къытолъадэ», нэхъыщхьэращи, зым адрейм теухуауэ зыри ищІэркъым.

ТЮТЧЕВ Федор.

Сыт хуэдэ къэралми и щІалэгъуалэр нэгъуэщІ щыпІэ щапІам хуэдэщ.

СТАЛЬ де Жерменэ.

Нэхъыжьхэр ямылъытэным-рэ щІалэгъуалэр фІыуэ ямылъагъунымрэ зэхуэдэ насыпыншагъэщ.

МОРУА Андре.

Жьыр щІэм щІеущиер езым ещхьу щимыгъэуэну аркъудеймэ, лейуэ иремыгуавэ: щІэм жьым емыщхь щыуэкІэ иІэжщ.

* * *

ЩІалэгъуэм кьелым, гъащІэ къыпоплъэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Пшынауэр ІэщІагъэ къудейкъым

● Щэнхабзэ

Джэгуакіуэм и макъамэ Іэмэпсымэм къарууэ хэлъар (абы и макъамэр къэІуху, зы щІыху къеІусэну хуиттэкъым е ар зэпигъэнуну зыми къркуртэкъым) щІэрыщІэу «къагъэпсэуж» жыпІэну пшынэр зыгъэбзэрабзэ щІалэгъуалэр ди зэманым нэхъыбэ мэхъу. Абыхэм ящыщщ ди тхыгъэр зытедухуа Къардэн Тимур.

МАКЪАМЭ Іэмэпсымэхэм ар зэрыдахьэхьэм абы и анэм пасэу гу лъитэри, Щэджэм Езанэ къуажэм дэт Музыкэ евгаІэм игъэкІуащ.

- 5-нэ классым сыщеджэрт си анэм Музыкэ школым сыщышам, абдежым къыщыщІздзауи пшынэм и макъамэм сыхэшэпсыхьыпауэ жыпІэ хъунущ. Ар зи фІыщІэу къэслъытэр илъэситхукІэ гугъу зыкъыддезыгъэхьа ди гъэсакІуэ Щадз Ларисэщ. А илъэсхэм Бах, Бетховен, Гайден сымэ я Іэдакъэщ Іэкіэр къэсщІат, арщхьэкІэ иужькІэ сызытемыкІыжыну къыхэсхар, дауи, ди лъэпкъ пшынальэхэрщ, - жеІэ Тимур.

Курыт еджапІэр кьиуха нэужь, Къардэн Тимур щІэтІысхьащ Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкІэ колледжым. Абы пшынауэ ныбжьыщІэм Гъунэгъу къуэдзыжьхэр Санкт-Петербург консерваторэр къэзыухыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэзыгъэзэжа, Кавказ Ищхъэрэм Гъуэзджэхэмкіэ и институтым и профессор Шэрыб Валерэ. Шэрыбым и Іэзэгъэмрэ щІалэгъуалэм щІэныгъэ зэрабгъэдилъхьэмрэ дихьэхауэ Тимур еджащ а илъэсхэм, абы екъулІэныгъэ кьыпэкІуащ. 2007 гъэм Къардэн Тимур Налшык къалэ пшынэ еузымкІэ щекІуэкІа VI щІыналъэ зэхьэзэхуэм япэ увыпІэр къыщихьащ, «Петро-Павловские ассамблеи» дунейпсо зэпеуэми (Санкт-Петербург щекІуэкІащ) и зэфІэкІ щеплъыжащ. «Ар си деж Іэ зэхьэзэхуэ къудейтэкъым. Пэжыр жыпІэмэ, утыкуэуэ ягъэ сихьэу арати, къыззгугъуэкІари хэлъ. Ауэ согупсысыжри, дуней псом къикІыу апхуэдиз пшынауэ гъэщІэгъуэнхэр къызэкІуэлІа а зэпеуэр сэ дерсышхуэ схуэхъуат», - къыхегъэщ Тимур.

Колледжым и ягъэ курсым щеджэу пшынауэ ныбжьыщІэм «Джэгу, пшынэ» республикэ зэхьэзэхуэм ягъэ увыпІэр щызыІэригъэхьащ. КъаШырГъэ КІурацэ и фэеплъ зэпеуэми екІуу зыкъыщигъэльагъэри, пашэ щыхуащ. УФ-м и Президентым ищІа Унафэм и ФІыгъэкІэ, 2008 гъэм Къардэн Тимур яхэчуащ Щэнхабзэмрэ Іэдакъэщ Іэгъэкъуэным теухуауэ ахъшэ сауГъэт зыхуагъэфощ ащхьэ. 2012 гъэм абы етІуанэ увыпІэр къыщихьащ Пъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэм еузымкІэ Сочэ къалэ щекІуэкІа дунейпсо зэпеуэм. Къигъэлъагъуэ ехъулІэныгъэхэм къыпэкІуэу, 2012, 2014 гъэхэм абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и цІэкІэ ят стипендиер къыхуагъэфощащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, Псыхуэбэ щекІуэкІа «Гъэм и зэманхэр» 13-нэ дунейпсо зэпеуэми ещанэ увыпІэр абы къыззрыщихьар.

2012 - 2016 гъэхэм Тимур и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Кавказ Ищхъэрэм Гъуэзджэхэмкіэ и институтым. Зэреджэм хуэдэурэ, «Къуршым и бынхэр» сабий къэфакІуэ ансамблым пшынауэ лэжьэн щыщІидзащ. 2015 гъэм ар зы пІалъэкІэ щылэжьащ Зеикъуэ къуажэм дэт Сабий музыкэ еджапІэм ныбжьыщІэхэр пшынэм хигъэсэу.

Пшынауэ щІалэр илъэс етІуанэ хуауэ хэтщ Ауэз Зубер къызэригъэпэща «Бзабзэ» гупым. Ансамблым нэхъыбэу тегъэщІапІэ ищІыр лъэпкъ щІэиным щыщ пшынальэхэмрэ къафэжьхэмрэщ. «Гупым сызэрыхэтым срогушхуэ, ди гъуэзджэм и тхыдэм теухуауэ щІэ куэд кьыщыазощІэри. Ар, дауи, зи фІыгъэ Ауаз Зубер щ. Си щхьэкІэ сыкъапщтэмэ, иджыри макъамэхэр мыхъуу, сэ нэхъ сыдэзыхьэхыр ипэкІ диІахэращ. Апхуэдэ хуэдэ Ауазым зэпымыууэ «къетІэщІыжри», дыкегъэгъуазэ», - жеІэ Тимур.

Ансамблым игъэзащІэхэм ящыщщ Тыркум щыпсэу адыгэхэм нэхъ яхъума «Къафэ кІыхь», лъапэрыфэ къафэкэр. «Бзабзэ» гупым дыгъэгъазэ мазэм Налшык къалэм щита «Нанэ и къафэ» концертым нэхъыбэу хагъэхьар апхуэдэ къафэжьхьэрт. «Гупым къытхэт Іэпсэ Дианэ зы махуэ гуэрым «ФыкъысхуедаІуэт, къхьиІэ, ди нанэ и къафэм», - жиІэри, и анэшхуэм зэхилъхьауэ щыта зы макъамэ дыкъриГъэдэІуащ. Ар лъабжьэ хуэхъуащ ди пшыхьым. ЦІыхухэр нфІэфІу едэІуащ Иорданием щыпсэуа пшынауэ Іэзэ Тыжь Іэбидэт и къафэ зыбжанэ, Іэпсэ Дианэ игъэзащІэу. Си гуапэ зэрыхъунщи, сэри а пщыхьэщхьэм згъэзэщІащ ПшынальэщІэ Мухьэжыр зэуэу щытахэм ящыщ къафищ».

Тимур жиІам къыхэсхаращи, пшынауэр Іэщ Іагъэ къудейкъым.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● ДифІ догъэлъапІэ

Утыкур зыгъэбжьыфІэ

Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артисткэ Дау Марианнэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ щрикъум ирихьэлІэу Музыкэ театрым туфІэгъуэ пшыхь къыщыхуэзрагъэпэщат. Абы кърихьэлІат КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэхэр, артист щІэрыІуэм и творчествэр фІыуэ зыльагъуэхр, и ныбжьэгъуэхр, щІыпІэ жьыжьэ къикІа зыхэщІэхэр.

ДАУ МАРИАННЭ и уэрэдкІэ кызэІуихащ пшыхьр. Абы иужькІэ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** тепсэльыхьащ артист бзылъхугъэм и зэфІэкІ лъэгэм, уэрэд жьІэнымкІэ и Іэзагъэ иным. Даум и макъыр зэрыдахэм хуэдэу цІыхугъэ инт ыхьэлъ псэ хьэлэлу зэрыщцІри кІыхьигъэщащ министрым.

- Марианнэ и макъ лъэщыр зэманым дэмыкІуэщІ къару инщ. Апхуэдэ творческэ зэфІэкІ лъагэ зиІэ артистым иджыри илъэс куэдкІэ дигъэгуфІэу утыкум итыну дыщогугъ, - жиІащ Къумахуэм.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкІэ, жылагъуэ зэгуфэныгъэхэм ядалъжьэныгъэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и комитетым и Іэтащхьэ **Пащты Борис** артисткэм ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэгъуэ Іэнатіэм и унафэщІ Егоровэ Татьянэ и цІэкІэ. Абыи Марианнэ хэлъ цІыхугъэ лъагэм и гугъу ищІащ, апхуэдизуи тепсэльыхьащ Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я урысейпсо профсоюзым и къудамэу республикэм щІым и пашэ бзылъхугъэм а Іэнатіэм хуищІа хэлъхьэныгъэ иным, абы и нэІэ щІэт рескомым и лэжьакІуэхэр нэхъыбэ ищІын зэрыхуэзфІэкІам.

Даум псалъэ гуапэкІэ зыхуэзыгъэзахэм ящыщщ КъБР-м и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и Іэтащхьэ **Амщокъуэ ФатІимат**, Музыкэ театрым и унафэщІ **Бэрэгъуй Руслан**, артистхэу **Таукеновэ Галинэ**, **Мэкъуауэ Хьэсэн** сымэ.

Зи актёр Іэзагъэр гъунапкъэншэу къалъытэ Даум сыт хуэдэ ролри уэрэдри дагъуэншэу къохъулІэ, ар и фІыгъэщ, псом япэраущ, абы еш имыщІэу и зэфІэкІым зэрыхиГъахъуэм, ауэ щыхъукІи, абы артист ныбжьыщІэ куэдым гъэгу яритауэ къалъытэ. Спектакль 37-м щІигъум Іыхьчъэжьэхьащхьэхэм я ролыр щигъэззщІащ Марианнэ. Роль хэплъхьэ ищІакъым абы, икІи дэтхэнэ зы образри цІыхухэм гукъинэж ящыхъуащ.

Кальман Имре и «Марица», «Фиалка Монмартра», Птичкин Евгений и «Бабий бунт», Молэ Владимир и «Дахэнагъуэ», «Къамботрэ Лацэрэ», Легар Франц и «Веселая вдова», Чайковский Александр и «Верность» оперэхэм, опереттэхэм, музыкальнэ комедиехэм, нэгъуэщІхэми гуимыхуж образхэр къыщигъэщащ.

Льэпкъ уэрэдыжьхэм, адыгэ тхакІуэхэм хэкум, хабзэ дахэм теухуауэ я Іэдакъэ къыщІэкІахэм увыпІэ щхьэхуэ щаубыдащ абы и творчествэм.

Даум и пшыхьым Легар Франц и «Веселая вдова» опереттэм хэта «ГаННэ и уэрэдыр», Кальман Имре и «Сильва» опереттэм щыщ «Выходная ария Сильвы», Штраус Иоганн и «Летучая мышь»-м хэта Розалиндэ и ариер, Джакомэ Пуччини и «Мадам Баттерфляй» оперэм хэта Чио-Чиосан и ариер (роялым еуар пианистхэм я дунейпсо зэпеуэу Франджым щекІуэкІам ялъэ увыпІэр къыщыдэхьа, Дау Марианнэрэ Жырыкъ Заурэ я япэчу Жырыкъ Данэщ).

Зи гъащІэри талантри къуэпсыбэ Дау Марианнэ иджыпсту щытІыгъуэ творческэ лъагапІэр зи фІыщІэу къиІыгъэр абы иІа егъэджакІуэ набдзэгубзапІъхэрщ.

ГИТИС-м щыщІэса илъэсхэм ві и насыпэ кхрихьэкІри, Луначарский Анатолий, вокалымкІэ егъэджакІуэ профессор Потаповская Динэ, курсым и художественнэ унафэщІ щыта, актёр Іэзагъым и хуэзыгъасэ, СССР-м щІыхь зиІэ и артист, дуней псом щыщІэрыІуэ режиссёр, профессор Анисимов Геннадий, сценическэ бзэмкІэ и егъэджакІуэ, профессор Титовэ Александрэ сымэ, нэгъуэщІ егъэджакІуэ цІэрыІуэхэри я Іэзагъэмкіэ къыддэгъуэщащ. Абы хэм кърата гушхуэныгъэрщ Даум льагапІэщІэхэм зрипщытынымкІэ тезыгъэгушхуэр, кьемыхуэлІэламэ игу имыухьжу псэуну сэбэп къыхуэхьуар.

УэрэджьыакІуэм фІыщІэ яхуищу я цІэ кърИуащ лъэ быдэкІэ увынымкІэ сэбэп къыхуэхьуахэу КъБР-м и ягъэ Президенту щыта КІуэкІуэ Валерий, вице-президент Губин Геннадий, КъБР-м и хьэрычэтыщІэхэм я хуитыныгъэр хъумэныммкІэ уполномоченнэ Тау Гъщыкан, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым и унафэщІ Темыркъан Борис сымэ.

- Зэи сигу ихужынкъым ягъэ дыдэу утыку сыкъыщихьам Мэлбахъуэ Тимборэ, Дзэхъушокъуэ Мусэ, Ефэнды Джылахъстэн сымэ къызэхъуэхьауэ зэрыщытар, - кьыддогуашэ Даур. - Утыкум сызэриптрэ илъэс 35-м нэблэгъащІэ, иджыри къыздэсым абыхэм къызжаІа псалъэ дахэмрэ гуапэу си Іэр къызэраубыдамрэ сщыгъупщэркъым.

Адыгэ макъамэ щэнхабзэм и гуащІэ Дау Марианнэ и зэфІэкІ лъагэр къыщалъытэр ди республикэм и закъуэкъым. Москва кьалэ дзт Театр Инум (1997 гъэ), СССР-м и Композиторхэм я унэм, ди къэралым нэхъ утыкуэхуэу иІэхэми абы мызэмытІэу зыкъыщигъэлъэгъащ. Даум щэнхабзэм, гъуэзджэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищІар къалъытэри, 1999 гъэм «Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр къыхуагъэфащащ. Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм дамыгъэ лъапІэу иІэр къратащ. ФНПР-м и исполкомым и унафэкІэ 2015 гъэм «За заслуги перед профдвижением России» ФНПР-м и ихьэ зиІэ и артист» цІэ лъапІэр къыхуагъэфащащ. Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм дамыгъэ лъапІэу иІэр къратащ. ФНПР-м и исполкомым и унафэкІэ 2015 гъэм «За заслуги перед профдвижением России» ФНПР-м и ихьэ зиІэ и артист» цІэ лъапІэр къыхуагъэфащащ. Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм дамыгъэ лъапІэу иІэр яхуэхъурт. А псори нэрылъагъу къащыдыт Іэхуэщ Іапіэм зыІэригъэхьэ екъулІэныгъэ лъагэхэм, и зэгуэкономикэ зыужьыныгъэм. Апхуэдэ Іэхьэкіэфі зыдалъэгъуэ Льэпщокъуэр яГъуэващ «Къэбалъкъэпотребсоюз»-м сырэ (пиво) щащІ и комбинатым и генеральнэ унафэщІым и къуэдзэу, иужькІэ и генеральнэ унафэщІу.

1978 гъэм къыщыщІэдзауэ Льэпщокъуэр щытащ Налшык дэт тыкуэн №91-м и унафэщІу. А къулыкъур абы ирихьэкІащ илъэс 40-м нэскІэ. Зэ хуэзфІэкІащ зи пашэ Іэхуэщ Іапіэр ешы хуэдэхэм я нэхъыбэрэ дапщэщи хуригъэльытэн. Ерыщу, пэжагъ хэлъу и мурадхэр зыІэригъэхьэным дапщэщи хуящІэкъуу, абыхэм ялъэІэсыфу еса бзылъхугъэм мыбдежми чуыгъэкІащ и хьэл-щэн нэхъыфІэхэр къыщигъэльэгъуэн, зи унафэщІ Іэхуэщ Іапіэр цІыхухэм я гъащІэр егъэфІэкІуэным хуигъэлэжьэн.

Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытами, Льэпщокъуэ Зое дапщэщи жьыджэру хэтащ республикэм, абы и къалащхьэм щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхухэм. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 80 гъэхэм ар яхэтащ бзылъхугъэхэм я зэгурыкъонгъэхэр ди щІыпІэм къыщыІэзэныгъэ пэщІэхэм. Абы и унафэм щІэтащ Налшык и Октябрь районым япэу къыщыІэзэрагъэпэща, Бзылъхугъэхэм я совет ныр. А жылагъуэ Іэнатіэм щІыпІэфІхэм лэжьыгъэшхуэм Зое цІэрыІуэ щищІащ ди республикэм къэралми. СССР-м щылажьэ бзылъхугъэ зэгухьэныгъэхэм я нэхъыфІхэм халъытэри, Льэпщокъуэ Зое къэралым и лІыкІуэ гупым яхэту ягъэкІуауэ щытащ хамэ къэрал зыбжанэм, и Іуэху зехьэкІэ пэрытымкІэ адрейхэм ядэгуэшэну. Ар щыІащ Аргентинэ, Уругвай къэралхэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэми.

Апхуэдизу зи пашэ Іуэхущ Іапіэми щыщащхьэ, жылагъуэ лэжьыгъэми щыжьыджэр Льэпщокъуэм цІыхубзэм дзыхь къратеззри КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 12-нэ зэхуэсым и депутату хахащ. Совет Нэхъыщхьэм ЦІыхубзхэм, анагъэмрэ сабиигъэмрэ епха Іуэхухэмкіэ жомисэм хэту, Зое сэбэпышхуэ яхуэхъуащ. Іуэхущ Іапіэм цІыхухэм я нэхъыфІхэм дапщэщи хуригъэльытэн. Ерыщу, пэжагъ хэлъу и мурадхэр зыІэригъэхьэным дапщэщи хуящІэкъуу, абыхэм ялъэІэсыфу еса бзылъхугъэм мыбдежми чуыгъэкІащ и хьэл-щэн нэхъыфІхэр къыщигъэльэгъуэн, зи унафэщІ Іэхуэщ Іапіэр цІыхухэм я гъащІэр егъэфІэкІуэным хуигъэлэжьэн.

Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытами, Льэпщокъуэ Зое дапщэщи жьыджэру хэтащ республикэм, абы и къалащхьэм щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхухэм. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 80 гъэхэм ар яхэтащ бзылъхугъэхэм я зэгурыкъонгъэхэр ди щІыпІэм къыщыІэзэныгъэ пэщІэхэм. Абы и унафэм щІэтащ Налшык и Октябрь районым япэу къыщыІэзэрагъэпэща, Бзылъхугъэхэм я совет ныр. А жылагъуэ Іэнатіэм щІыпІэфІхэм лэжьыгъэшхуэм Зое цІэрыІуэ щищІащ ди республикэм къэралми. СССР-м щылажьэ бзылъхугъэ зэгухьэныгъэхэм я нэхъыфІхэм халъытэри, Льэпщокъуэ Зое къэралым и лІыкІуэ гупым яхэту ягъэкІуауэ щытащ хамэ къэрал зыбжанэм, и Іуэху зехьэкІэ пэрытымкІэ адрейхэм ядэгуэшэну. Ар щыІащ Аргентинэ, Уругвай къэралхэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэми.

Апхуэдизу зи пашэ Іуэхущ Іапіэми щыщащхьэ, жылагъуэ лэжьыгъэми щыжьыджэр Льэпщокъуэм цІыхубзэм дзыхь къратеззри КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 12-нэ зэхуэсым и депутату хахащ. Совет Нэхъыщхьэм ЦІыхубзхэм, анагъэмрэ сабиигъэмрэ епха Іуэхухэмкіэ жомисэм хэту, Зое сэбэпышхуэ яхуэхъуащ. Іуэхущ Іапіэм цІыхухэм я нэхъыфІхэм дапщэщи хуригъэльытэн. Ерыщу, пэжагъ хэлъу и мурадхэр зыІэригъэхьэным дапщэщи хуящІэкъуу, абыхэм ялъэІэсыфу еса бзылъхугъэм мыбдежми чуыгъэкІащ и хьэл-щэн нэхъыфІхэр къыщигъэльэгъуэн, зи унафэщІ Іэхуэщ Іапіэр цІыхухэм я гъащІэр егъэфІэкІуэным хуигъэлэжьэн.

Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытами, Льэпщокъуэ Зое дапщэщи жьыджэру хэтащ республикэм, абы и къалащхьэм щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхухэм. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 80 гъэхэм ар яхэтащ бзылъхугъэхэм я зэгурыкъонгъэхэр ди щІыпІэм къыщыІэзэныгъэ пэщІэхэм. Абы и унафэм щІэтащ Налшык и Октябрь районым япэу къыщыІэзэрагъэпэща, Бзылъхугъэхэм я совет ныр. А жылагъуэ Іэнатіэм щІыпІэфІхэм лэжьыгъэшхуэм Зое цІэрыІуэ щищІащ ди республикэм къэралми. СССР-м щылажьэ бзылъхугъэ зэгухьэныгъэхэм я нэхъыфІхэм халъытэри, Льэпщокъуэ Зое къэралым и лІыкІуэ гупым яхэту ягъэкІуауэ щытащ хамэ къэрал зыбжанэм, и Іуэху зехьэкІэ пэрытымкІэ адрейхэм ядэгуэшэну. Ар щыІащ Аргентинэ, Уругвай къэралхэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэми.

Апхуэдизу зи пашэ Іуэхущ Іапіэми щыщащхьэ, жылагъуэ лэжьыгъэми щыжьыджэр Льэпщокъуэм цІыхубзэм дзыхь къратеззри КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 12-нэ зэхуэсым и депутату хахащ. Совет Нэхъыщхьэм ЦІыхубзхэм, анагъэмрэ сабиигъэмрэ епха Іуэхухэмкіэ жомисэм хэту, Зое сэбэпышхуэ яхуэхъуащ. Іуэхущ Іапіэм цІыхух